# К.РАХМАНОВ «АЙРАЛЫҚ ҚОСЫҒЫ» ПОВЕСТИНДЕ ДИАЛОГ ҲӘМ МОНОЛОГЛАРДЫ ҚОЛЛАНЫЎ ШЕБЕРЛИГИ

**Сейтбеков Адилбай Батырбекович,**
*Әжинияз атындағы НМПИ, Қарақалпақ әдебияты кафедрасы доценти*

***Резюме:*** *Maqolada yozuvchi K.Raxmonov asarlarida qahramon obrazini tasvirlashda dialog va monologlarning ahamiyati haqida so‘z yuritiladi. Bunda maqola muallifi bir qancha nasriy va dramatik asarlardan obyekt sifatida foydalangan. Shu bilan birga adabiy janrlar sintezi masalasi haqida ham so‘z yuritiladi.*

***Tayanch so‘zlar:*** *yozuvchi, dramaturg, janr, adabiy turlar, pyesa, roman, dialog, monolog, tragediya, qissa, epic asar.*

***Резюме:*** *В статье рассматривается о значении монолога и диалога в создании образа героя в произведениях писателя К.Рахманова. В качестве объекта исследования автор использовал несколько прозаических и драматических произведений. А также речь идет о синтезе литературных жанров.*

***Ключевое слово:*** *писатель, драматург, жанр, литературный жанр, пьеса, роман, диалог, монолог, трагедия, повесть, эпический произведение.*

***Summary:*** *The article deals with the significance if monologue and dialogue in creating an image of the hero in works the writer K.Rakhmanova. As an object of research, the author has used several works in prose and drama. Also, the synthesis of literary genres are analyzed.*

***Key words:*** *writer, drama writer, janre, play, novel, dialog, monologue,tragedy,story epic novel.*

Ҳақыйқый турмыста ҳәр бир адамның тили, сөйлеў өзиншелиги оның турмыс тәризи, мәденияты, санасы, руўҳый ҳалаты ҳаққында белгили бир жуўмақ шығарыўда әҳмийетке ийе. Соған бола көркем шығармалардағы қаҳарманлардың сөйлеў тәризлери де түрли-түрли, өзине тән айырмашылыққа ийе болып, оларды белгили бир образ сыпатында қәлиплестириўде жетекши хызмет атқарады. Прозалық шығармаларда диалог жазыўшының шеберлигин белгилеўши тийкарғы компонентлерден бири болып табылады. Диалог усы шығармадағы қаҳарманларды образ сыпатында қәлиплестиретуғын, сюжетлик раўажланыўға, конфликтлерге айрықша исенимлилик, тәбийғыйлық туўғызатуғын усыл.

Орыс жазыўшысы А.С.Макаренко «Диалог- прозаның ең қыйын бөлеклеринен бири. Турмыста диалогты жақсы билиў керек. Қызық диалогты ойлап шығарыўға болмайды…

Диалог тәсирли болыўы, адамның руўҳый кеширмесин көрсетип ғана қоймай, характерди де ашып бериўи лазым» - деген еди. [1. 165]

Көркем шығармадағы персонажлардың өз-ара сөйлесиўи, сәўбети диалог деп аталады. Драмалық шығармалар пүтини менен диалоглардан ибарат

болады. Эпикалық шығармаларда да диалогларға кең орын бериледи. Лиро-эпикалық, әсиресе, лирикалық дөретпелерде болса, диалог аз қолланады. Лирика тили көбинесе монологлық түрде болып келеди.

Әдебий шығармада персонаждың басқаларға қарата сөйлеўи монолог деп аталады. Монологтың хәр қыйлы көринислери бар. Егер ол персонаждың туўрыдан-туўры басқаларға қаратылған сөзи тәризинде берилсе, анық түрдеги монолог болады. Монолог персонажлардың ишки сөйлеми, өзи менен өзи сөйлесиўи, сәўбети тәризинде де берилиўи мүмкин. Бул монологтың жабық түри есапланады. [2. 119-120]

К.Рахманов прозасында анықланатуғын турмыс ҳақыйқатлығының үлкен бир бөлеги қаҳарманлардың диалогларында бериледи. Жазыўшы шығармаларындағы ҳәр бир персонаж автор тили менен емес, ал өзиниң сөйлеўи, пикирлеўи менен өзин танытады. Усылайынша жазыўшы шығармаларында көплеген қаҳарманларды қатнастыра отырып, олардың арасындағы конфликтлерден белгили бир идеялық мазмунды шешиўди мақсет еткенлигин көремиз. Жазыўшының «Айралық қосығы» повести баслы қаҳарман Қурбанияз ҳәм оның менен радио еситтириў комитетиндеги бирге ислейтуғын ҳаяллардың сөйлесиўинен басланады.

Төменде келтирилген қысқа диалог пүткил бир шығарма ўақыяларының сүўретлениўине түртки болып, Қурбанияз өз өтмишин еске түсириўи арқалы шығарма мазмунын монолог түринде ашып береди.

Сондай-ақ, бул диалог қаҳарманлардың бир-бири менен пикир алысыўын ғана емес, шығарманың сюжетиниң раўажланыўындағы тийкарғы линия хызметин де атқарады.

«Айралық қосығы» повестин жанландыратуғын детальлардың бири-қосық. Яғный Алтынайдың атқарыўындағы сағынышлы қосық. Баслы қаҳарман Қурбанияздың монологында` «Ол мениң ҳаялымның өмирлик қосығы. Онда үш адамның жаслығы жәмленген. Оның намасын жазған булақ тамшыларындай пәк биринши муҳаббат, оны қосыққа айландырған теңиздей терең сағыныш, оны ҳаўазға салған узақ жолларға қарап қалған көзлердеги әрманлы үмит…» деп тәрийпленеди. [3.263]

Повестьте қаҳарман образын жаратыўда диалоглар менен бир қатарда монологлар да кеңнен қолланылған. Қаҳарманлардың ҳәр қыйлы ҳалатларға байланыслы ишки толғаныслары олардың тилинен шебер баян етилген.

Повесттеги баслы қаҳарманлардың бири Алтынай образы бизиң көз алдымызда адамгершиликли, опадар, ҳақ кеўил инсан сыпатында сәўлеленеди.

Ол туңғыш муҳаббаты Дәўирханға өмир бойы садық қалып, оның жазған қосықларын, сүўретлерин сақлап қояды.

« Жыллар өтти… Жыллар өтер, бирақ мениң муҳаббатым тек бир адамға арналған. Жалғызлықта нала шегип, сары уўайымға түскен ўақларымда айралық қосығым мени жубатады. Келерме екен деймен уйқысыз түнлерде, кел деп жалынаман атқан таңларымда.

Қосығымды не ушын көп алдында айтпайтуғынлығыма енди түсинсеңиз керек, Қурбанияз аға..» [4.158]

«Айралық қосығы» повести усындай қысқа ҳәм тәсирли диалоглары, қаҳарманлардың ишки кеширмелерин терең сәўлелендириўши монологлары менен оқыўшының итибарын тартады. Айрым жағдайларда қаҳарманлардың өз-ара диалоглары монологлар менен қарысып қаҳарманлардың образ сыпатындағы өзиншелик белгилери менен ишки дүньясын көрсетип береди.

Солай етип, К.Рахмановтың биз жоқарыда көрип өткен повестде ҳақыйқый турмысқа жақын, рәң-бәрең ўақыяларға байлығы, қурамалы образлар дүньясы ҳәм олардың көркем сөз тоқымалары арқалы шебер жасалғаны менен ажыралып турады. Бир әдебий түрдиң екинши әдебий түрге унамлы тәсири усындай шығармалар арқалы көринеди. Оның бир автор дөретиўшилигиндеги синтезин изертлеў арқалы автордың әдебий түр ҳәм жанрлардың талаплары ҳәм көркемлик өзиншеликлерин менгерип алыў бойынша алып барған умтылысларын анықлаўға болады.

**Пайдаланылған әдебиятлар:**

1. Макаренко А.С. Сочинения Том VII. – Москва: Изд-во, АПН РСФСР, 1951.
2. Худойбердиев Э. Адабиётшуносликка кириш. – Тошкент, 2003.
3. Хализев В.Е. Теория литературы. – Москва: Высшая школа, 2000.
4. Рахманов К. Ақыбет. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1993.